



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-160**

Sijè: **PWOSESIS POU NONMEN AK POU CHWAZI MANM KONSÈY LEKÒL SEGONDÈ POU VIL LA (CITYWIDE COUNCIL ON HIGH SCHOOLS, CCHS) LADAN KONBLE PÒS VID**

Kategori: **KONSÈY VIL POU LEKÒL SEGONDÈ(CCHS)**

Pibliye: **29 avril 2021**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) D-160 ki gen dat jeudi 28 janvier 2021.

Chanjman:

- Bay twa vòt pou chak elèv ki elijib pou vote olye yon vòt pa elèv ki elijib (Section V.A.2).



Number D-160

Sijè: **PWOSESIS POU NONMEN AK POU CHWAZI MANM KONSÈY LEKÒL SEGONDÈ POU VIL LA (CITYWIDE COUNCIL ON HIGH SCHOOLS, CCHS) LADAN KONBLE PÒS VID**

Kategori: **KONSÈY VIL POU LEKÒL SEGONDÈ(CCHS)**

Pibliye: **29 avril 2021**

REZIME

Règleman sa a detaye kondisyon pou elijib ak pwosedi pou nonmen ak pou chwazi manm CCELL la. Li gen tou pwosesis pou ranpli pòs vid yo.

I. COMPOSITION

Pral genyen yon konsèy vil pou lekòl segondè("CCHS") ki gen 13 manm ki ka vote ak yon elèv manm ki pa ka vote. Pami manm ki ka vote yo, 10 dwe se paran ki eli dapre pwosedi ki tabli nan regleman sa a epi yo dwe se paran elèv ki nan lekòl segondè Depatman Edikasyon Department of Education ("DOE") vil Nouyòk, nan moman eleksyon yo; answit, chak borough pral gen menm kantite reprezantan(de) pami 10 manm ki ka vote yo. Rès twa manm ki ka vote yo se defansè piblik Vil Nouyòk, konsèy edikasyon espesyal Vil (Citywide Council on Special Education, CCSE) ak konsèy vil la pou elèv k ap aprann lang anglè(Citywide Council on English Language Learners, "CCELL") ki nome yo chak respektivman. Se Konsèy konsiltatif elèv vil la (Citywide Student Advisory Council,"CSAC") ki nonmen elèv manm lan.

II. ELIJIBLITE

A. Paran manm

1. Tout paran manm ki nan CCHS la se pral paran elèv ki nan lekòl segondè DOE.
2. Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen parante ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.
3. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an voye yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCHS a.
4. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an pral kapab fè yon manda dezan konplè nan CCHS a, si li eli kòm sadwa, menmsi pitit li a gradye nan yon lekòl

segondè DOE ak/oswa menm si li sispann ale nan yon lekòl segondè DOE pandan manda paran an.

5. Dire manda paran manm yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

B. Manm Defansè piblik la nonmen

1. Defansè piblik ap nonmen yon manm ki ka vote. Manm lan dwe rete nan vil la epi fòk li gen anpil eksperyans nan biznis oswa nan edikasyon oswa metye, epi li pral fè yon gwo kontribisyon nan amelyorasyon edikasyon nan lekòl DOE yo. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
2. Moun k ap chèche pou Defansè piblik la nonmen yo nan CCHS la ap jwenn yon aplikasyon nan Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), epi voye fòm ki ranpli a nan FACE nan ccceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon ap pran dapre pwòp volonte defansè piblik la.

C. Moun CCSE a nonmen

1. CCSE a ap nonmen yon manm ki ka vote. Manm lan dwe se yon paran yon elèv lekòl segondè DOE ki gen yon plan edikasyon endividyèl (individualized education program, "IEP"). Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
2. CCSE a ap aksepte aplikasyon apati janvye yon ane eleksyon epi l ap fè pwosesis pwosesis nominasyon an nan delè 30 jen pou moun yo nonmen an ka kòmanse manda a 1ye jiyè.
3. Moun k ap chèche pou CCSE a nonmen yo nan CCHS la ap jwenn yon aplikasyon nan Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), epi y ap voye fòm ki ranpli a nan FACE nan ccceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay CCSE. CCSE la ap pran desizyon sou nominasyon an nan pwòp volonte l.

D. Moun CCELL la nonmen

1. CCELL a ap nonmen yon manm ki ka vote. Manm lan dwe se paran yon elèv lekòl segondè DOE ki se yon elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learner, "ELL"). Yon ELL se yon elèv ki pale yon lòt lang lakay li ki pa anglè epi ki nan yon pwogram an de lang (Dual Language, DL), pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon (transitional bilingual education, TBE) oswa pwogram Anglè kòm yon nouvo lang (English as a New Language, ENL) paske elèv la bezwen sipò pou l

aprannglè. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.

2. CCELL a ap aksepte aplikasyon apati janvye yon ane eleksyon epi l ap fè pwosesis pwosesis nominasyon an nan delè 30 jen pou moun yo nonmen an ka kòmanse manda a 1ye jiyè.
3. Moun k ap chèche pou CCELL a nonmen yo nan CCHS la ap jwenn yon aplikasyon nan Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), epi y ap voye fòm ki ranpli a nan FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay CCELL. CCELL la ap pran desizyon sou nominasyon an nan pwòp volonte l.

E. Elèv manm (manm ki pa ka vote)

1. Elèv lekòl segondè ki pral nan 12yèm ane (senior) pandan ane sèvis yo epi ki fè pati gouvènman elèv eli nan lekòl yo, elijib pou CSAC a nonmen yo. Si pa gen elèv dènye ane lekòl segondè ke yo eli nan gouvènman elèv lekòl li, yo ka konsidere elèv nan dènye ane ki gen lòt fonksyon lidèchip (paegzanp, prezidan yon club). Nan règleman sa a, yon senior se yon elèv nan dènye ane lekòl segondè ki gen 30 kredi lekòl segondè.
2. Elèv ki enterese dwe pran yon aplikasyon nan FACE epi voye aplikasyon ki ranpli an nan FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade si li elijib epi l ap voye aplikasyon yo bay CSAC. CSAC pral gade aplikasyon yo epi li ka fè entèvyou avan li rekòmande yon kandida ba Chanselye a pou nominasyon.
3. Elèv manm ki pa ka vote yo eli pou yon manda yon ane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.

D. Moun ki Pa Elijib pou vin manm

1 Moun sa yo pa elijib:

- a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon *county*);
- b. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
- c. Moun ki nan yon lòt Konsèy tout vil oswa nan nenpòt Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC);
- d. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP);
- e. Moun yo te revoke nan yon Asosyasyon Paran (Parent Asosyasyon, PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran (Parent Teacher Association, PTA), nan yon Ekip lidèchip lekòl (School lidership Team, SLT), nan Konsèy Prezidan Distri

(District Presidents' Council, DPC), nan Konsèy lekòl segondè Borough (Borough High School Council, BHC), nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi

f. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.

2. Moun sa yo pa ka eli:

a. Moun ki angaje nan yon zak mekanste ki gen rapò dirèk ak sèvis yo nan yon CEC oswa nan yon Konsèy tout vil; oswa

b. Moun yo te kondane pou yon krim, si yo konsidere kondanasyon sa a dapre Atik 23-A lwa penal eta Nouyòk.

III. LÈ MOUN AP CHÈCHE ELI NAN CCHS

A. FACE ap pibliye pwosesis eleksyon an, ki gen ladan kalandriye pou voye aplikasyon ak vote, apati janvye ane eleksyon an.

B. Paran ki enterese pou vin manm CCHS la ap voye yon aplikasyon sou entènèt atravè yon kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools Account, "NYCSA"). Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik yo.

C. Kandida yo ap sètifye nan aplikasyon an ke yo mete tout timoun yo ki nan lekòl DOE sou kont NYCSA yo. Y ap konsidere yon kandida ki aplike pou CCHS la kòm yon reprezantan chak lekòl segondè nan borough kote li gen yon timoun ki lekòl. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote l se yon reprezantan, sa ap lakoz yo diskalifye li.

D. Kandida yo ka aplike pou plizyè konsèy edikasyon pou kominote ak/oswa plizyè konsèy edikasyon Vil, ak aplike pou reprezante otan borough nan CCHS la depi yo elijib pou yo, men y ap pèmèt yo sèvi sèlman nan yon sèl konsèy oswa pou konble yon sèl plas nan CCHS la. Kandida ki swete aplike pou plizyè konsèy ak plizyè pòs nan CCHS dwe klase yo dapre lòd yo pi pito; si yo eli nan plis pase yon konsèy oswa pòs, y ap plase yo nan konsèy yo te klase pi wo a.

IV. FOWÒM KANDIDA

A. Chak konsèy prezidan lekòl segondè Borough, nan kolaborasyon ak sipò FACE, pral fè omwen yon fowòm kandida kote kandida yo pral otorize fè prezantasyon bay paran ak lòt moun ki enterese.

- B. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan peryòd vòt lan kòmanse, ki dwe fini avan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an.
- C. Fowòm Kandida yo ka fèt nan yon lokal fizik oswa sou yon platfòm reyinyon vityèl. KONSèy prezidan an, ansanm ak FACE, pral detèmine dat, lè ak fòm pou chak fowòm kandida. Nan ka yon fowòm an pèsòn, FACE pral mete yon lokal ki aksesib, ki respekte nòm ADA ak pran ak responsab pri tout pèmi ki nesèsè pou lokal DOE. Nan ka fowòm ki fèt nan yon platfòm vityèl, FACE pral responsab peye platfòm lan ak bay asistans teknik pandan reyinyon an.
- D. Avan chak Fowòm Kandida, FACE pral mete pòsyon aplikasyon chak kandida disponib k ap gen non kandida a, lekòl ak pwogram timoun yo, ak deklarasyon pèsònèl (“Pwofil Kandida”). Yo pral afiche Pwofil Kandida yo nan sitwèb DOE pou paran ak piblik la ka wè. FACE pral bay tou kopi pou distribisyon nan Fowòm Kandida yo k ap fèt an pèsòn.

V. PWOSESIS ELEKSYON

- A. Moun k ap vote ki elijib
 - 1. Nenpòt paran elèv ki nan yon lekòl segondè DOE kounye a, elijib pou vote pou pòs la nan CCHSki reprezante borough kote lekòl segondè sa a ye a.
 - 2. Yo ka bay twa vòt pa elèv ki elijib.
- B. Vòt
 - 1. Yo ankouraje paran yo pou vote sou entènèt atravè aplikasyon NYCSA.
 - 2. Paran ki pa gen aksè nan entènèt ka fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa biwo distri a pou tabli yon kont NYCSA epi vote, oswa rele 311 pou enfòmasyon pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik.
 - 3. Bilten vòt an papyè pral disponib tou nan biwo sipèentandan yo. Si yon biwo sipèentandan tabli yon kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non yon paran, biwo sipèentandan an dwe kenbe dosye bilten vòt an papyè paran an ranpli an ki endike chwa paran, konsantman paran an pou biwo sipèentandan an tabli kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non paran an, ak yon sètifika ke biwo sipèentandan an te antre vòt paran an nan non paran an.

C. Plasman kandida yo

1. Nenpòt paran ki elijib ka ranpli dis pòs kandida ki eli nan CCHS la. Sepandan, chak borough p ap gen plis pase de reprezantan nan CCHS la epi, reprezantan sa yo dwe se paran timoun ki nan diferan lekòl nan borough sa a, eksepte si sa vrèman nesèsè pou ranpli toulede plas yo.
2. Lè yo fin konte bilten vòt yo:
 - a. Y ap chwazi de kandida ki gen plis kantite vòt la nan chak borough pou ranpli yon plas sou kondisyon . Sepandan, si de kandida spòsa yo soti nan menm lekòl, kandida ki gen plis kantite vòt la ap eli, kandida ki soti nan menm lekòl la, ki gen mwens vòt la ap soti epi yo pral chwazi pwochen kandida ki genyen plis kantite vòt ki vin apre a ki soti nan yon lekòl ki poko reprezante nan CCHS la.
 - b. Yon kandida yo chwazi sou kondisyon pou ranpli yon pòs nan plis pase yon borough ap la pou reprezante borough li klase pi wo nan aplikasyon an epi yo p ap konsidere l pou lòt borough yo.

D. Lòt tou eleksyon

1. Y ap fè lòt tou eleksyon lè:
 - a. Gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vòt; oswa
 - b. youn oswa plizyè pòs rete vid apre tout kandida ki pa nan menm lekòl okipe pòs avan sa nan CCHS la.
2. Nan ka yon nil oswa plizyè kandida gen menm kantite vwa, sèlman kandida sa yo ki te gen menm kantite vòt yo pral patisipe nan lòt tou eleksyon yo.
3. Si gen yon dezyèm tou aoz yonn oswa plizyè plas ki e vid apre eliminasyon kandida ki gen timoun nan lekòl yo deja reprezante nan CCHS la, se sèlman kandida yo p at chwazi sou kondisyon, ki reprezante yon borough ki gen plas vid epi ki pa gen timoun nan yon lekòl ki deja reprezante pami kandida ki okipe pòs yo k ap nan dezyèm tou a. Si dezyèm tou eleksyon an pa rive ranpli tout pòs vid yo, donk yo pa pral aplike restriksyon konsènan pou lekòl pa gen plis pase yon reprezantan nan CCHS la.
4. Kote pa gen kandida ki fè plis vòt nan yon dezyèm tou, ajan endepandan k ap jere pwosesis eleksyon pou DOE a ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
5. Si pwosesis lòt tou eleksyon yo pale pi wo a pa rive ranpli tout pòs yo, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VI. EGZAMEN APRE SELEKSYON KALIFIKASYON/ELIJIBLITE

- A. Apre yo fin chwazi kandida yo sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, FACE ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan CCHS a. Si FACE detèmine yon kandida pa elijib, FACE ap pibliye yon desizyon alekri ki gen ladan baz legal, ak prèw tanjib pou piblikasyon li. Tout kandida FACE konsidere ki pa elijib y ap ranplase l ak kandida ki reprezante menm borough a epi ki te gen plis kantite vòt ki vin apre a, epi ki pa soti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CCHS la.
- B. Si yon kandida eli vin pa elijib oswa si yo diskalifye l nan dat 30 jen oswa avan ane eleksyon an, y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki te resevwa plis kantite vòt ki vini apre a nan eleksyon avan an ki reprezante menm borough a epi ki pa soti nan yon lekòl ki deja reprezante nan CCHS,
- C. Si kandida yo chazi yo jan yo di nan seksyon sa gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
- D. Si pa gen kandida elijib ki disponib pou chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VII. KALANDRIYE

- A. Y ap fè eleksyon manm CCHS yo chak dezan, nan ane ki pa pè yo. Vòt la ap fini nan dezyèm Madi mwa me, ladan lòt tou eleksyon ki nesèsè.
- B. Pwosesis eleksyon an ap kòmanse an janvyè ane y ap fè eleksyon an, kote FACE ap pibliye enfòmasyon konsènan wòl, pòs, ak aktivite CCHS la, enfòmasyon sou kandida, ansanm avèk nati aplikasyon ak pwosesis eleksyon an.
- C. Manda manm CCHS yo ap kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an epi fini 30 jen dezan apre. Yo mande tout manm CCHS yo pou ale nan yon sesyon FACE òganize avan kòmansman manda a, epi omwen yon lòt trening nan dezyèm ane manda a.

VIII. DEMISYON

- A. Manm paran yo ak moun CCSE, CCELL nonmen

Demisyon paran manm ak manm CCSE ak CCELL a nome dwe fèt alekri, epi voye l ba FACE nan cccinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif imedyatman lè yo rive nan menm FACE sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifiye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè FACE dakò.

- B. Manm Defansè piblik la nonmen

Demisyon manm Defansè piblik la nonmen yo dwe fèt alekri ba Defansè piblik la, avèk

yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif kou yo bay Defansè piblik la li sofsi yo espesifye l pou yon dat apre. Manm yo ka pa ka retire, ni anile, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

C. Elèv manm

Demisyon elèv manm yo dwe fèt alekri, ba Chanselye a, avèk yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon sa a ap efektif depi yo fin bay Chanselye li sofsi yo espesifye yon lòt dat. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

IX. PÒS VID YO

A. Paran manm ak pòs vid CCSE, CCELL ak Defansè Piblik nome

1. Manm CCHS ki, pandan manda yo, refize oswa neglije ale nan twa reyinyon CCHS yonn apre lòt ke yo pwograme pa mwa, kote yo te avize yo san bay yon eskiz alekri ki valab, y ap konsidere yo abandone pòs yo.
 - a. Y ap mete nan pwosèvèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz alekri manm sa yo bay.
 - b. Bagay sa yo reprezante eskiz valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CCHS a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran nan yon aksidan, lòd tribinal pou l prezante l paegzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè ; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon yon CCHS ak lòt rezon CCHS a jije apwopriye. Yo ka konsidere rezon sa yo valab si yo mete CCHS okouran alekri pa pi ta pase 15 jou apre absans lan epi CCHS apwouve yo pa vòt nan pwochen reyinyon chak mwa yo pwograme regilyèman kote ki gen kowòm.
 - c. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz, CCHS la ap pòs la vid atravè desizyon epi l ap mete FACE okouran konsènan mezi sa a. Si gen yon pòs vid ki egziste nan yon plas defansè piblik la nome oswa CCELL la nome, CCHS la ap avèti tou defansè piblik la, CCSE a ak CCELL la, respektivman.
2. Lè gen yon pòs paran ki vid, CCHS la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko fini an atravè yon eleksyon nan yon reyinyon piblik.
 - a. CCHS ap piblye pòs vid la tout kote, dekri pwosesis aplikasyon an ak espesifye yon delè pou voye aplikasyon yo ale.

- b. Tout kandida yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou pòd vid la nan FACE epi retounen fòm ki ranpli an bay FACE. FACE ap gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye pòsyon aplikasyon Kandida elijib yo ba CCHS.
 - c. Y ap bay konsèy prezidan lekòl segondè pou borough kote ki gen pòs vid la opòtinite pou fè rekòmandasyon alekri pou yo konble pòs paran manm ki vid la epi pou yo pale avèk CCHS la avan yo konble pòs la.
3. Si CCHS a pa rive mete yon manm nan pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare kandida yo gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje yo. Si CCHS la pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ap bay lòd pou nonmen yon moun nan pòs vid la.
 4. Lè gen yon pòs vid nan yon plas defansè piblik la te nonmen, Defansè piblik la ap nonmen yon manm pou fin fè rès tan manda a ki poko fini an. Moun ki enterese yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou moun Defansè Piblik la nome nan FACE epi retounen fòm ki ranpli an bay FACE. FACE ap gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye aplikasyon an bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon ap pran dapre pwòp volonte defansè piblik la.
 5. Lè yon pòs vid kote se CCSE a ak/oswa CCELL ki te nonmen yon manm, konsèy ki fè nominasyon an ap nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Tout moun ki enterese dwe jwenn yon Aplikasyon pou pòs vid la nan FACE epi retounen fòm ki ranpli an bay FACE. FACE ap gade si kandida yo elijib pou ranpli pòs la, epi voye aplikasyon an bay Defansè piblik lan. CCELL la ap pran tout desizyon sou nominasyon yo dapre pwòp volonte l.
- B. Pòs elèv manm ki vid

Nan ka gen yon pòs elèv manm ki vid, CSAC la ap rekòmande ba Chanselye a yon lòt elèv dènye ane ki sou pou fè rès manda ki poko ekspire a. Chanselye a ap enfòme CCHS la ak FACE osijè nominasyon li fè a.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent kont moun ki pa respekte règleman sa a sou senk (5) jou apre vyolasyon yo sispèk la, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE pral sipèvize aplikasyon pwosedi ki nan règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè sa nesesè.

XII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Empowerment

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street - Room 409

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

Imèl: CCECinfo@schools.nyc.gov